

MyMoney

Bezwen avèk sa ou vle

Anvan ou itilize lajan ou, poze tèt ou kesyon sa yo:

- Konbyen kòb mwen genyen?
- Kisa'm bezwen achte semèn sa?
- Konbyen kòb m'ap bezwen pou'm peye pou sa mwen bezwen semèn sa?
- Èske se yon bagay mwen bezwen oubyen yon bagay mwen vle?
- Èske mwen bezwen sa koulè a oubyen èske'm ka sanble kòb pou'm achte li pita?



Lè ou konprann diferans ant sa ou bezwen avèk sa ou vle, sa ap ede ou itilize kòb ou epi sanble kòb ou tou.

- Yon bezwen se yon bagay ou dwe genyen pou ou kapab viv yon vi ki san danje e mennen yon vi ki an santé, tankou manje, yon kote pou ou rete avèk dlo.
- Yon bagay ou vle se yon bagay ou ta vle genyen, tankou yon jwèt elektronik oubyen tikè pou ou ale wè yon fim. Ou kapab sanble kòb pou ou achte bagay ou vle pita.

Li enpòtan ke ou itilize lajan ou pou achte bagay ou bezwen anvan ou itilize'l sou bagay ou vle.

Konsèy avèk bagay pou fè

- Panse a bagay ou vle yo avèk sa ou bezwen yo.
- Ekri tout bagay ou pral bezwen pou semèn nan ansanm avèk konbyen yo pral koute ou. Sa rele yon bidjè oubyen yon plan depans!
- Ekri bagay yo ou vle fè yo- Sa yo rele objektif.
- Pale avèk yon moun – Li kapab ede ou si ou pale avèk yon zanmi oubyen yon manm fanmiy ou sou dosye bagay yo vle avèk sa yo bezwen. Yo kapab ede ou decide ant sa ou bezwen avèk sa ou vle.